



Pou Piblikasyon Imedya: 31/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI NOUVÈL OTOWOUT VYADIK POU FASILITE SIKILASYON NAN AYEWOPÒ LAGUARDIA

Nouvo Pasrèl Lan Pral Ogmante Aksè pou Vwayajè yo Ki Ap Kondwi pou ale LGA - Franchi Yon Lòt Etap Fondamantal nan Transfòmasyon Ayewopò a ki Koute 8 Milya Dola a

Li Anonse Patenarya pou 1.4 Milyon Dola ak Council for Airport Opportunity a Ki Elaji ak Ajou Elmcors Youth and Adult Activities ak Neighborhood Housing Services pou Ede Abitan Lokal yo Jwenn Anplwa nan Biznis Ki An Rapò Ak Ayewopò a

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèyman yon nouvel otowout vyadik majè ki pral ranfòse aksè epi amelyore trafik sikilasyon pou vwayajè yo ki ap kondwi pou ale nan Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport, LGA). Nan ouvèti li an, nouvo vyadik lan, ki sitiye nan Exit 7 nan direksyon lès Grand Central Parkway lan, pral pwen aksè prensipal pou veyikil ki prale nan bò lès Ayewopò LaGuardia a kote pòtay Delta yo sitiye. Konstwiksyon vyadik lan te konplete nan mwens ke de ane epi li make yon etap fondamantal nan pwòje modènizasyon ayewopò LaGuardia ki ap kontinye epi koute 8 milya dola a ke Gouvènè Cuomo te anonse an 2015.

“Nouvo vyadik sa pral pote soulajman imedya pou vwayajè ki ap kondwi pou ale nan Ayewopò LaGuardia, epi li se yon etap fondamantal kle nan plan nou genyen an pou konstwi premye nouvo ayewopò a nan peyi depi plis pase 20 ane, epi fè li se yon pòt prensipal entènasyonal klas mondyal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan ke gouvènman federal lan ap pote solisyon sipèfisyèl pou enfrastrikti yo, New York ap fè pwogrès istorik nan konstwi yon rezo transpò ki adapte pou ekonomi 21èm syèk lan.”

Gouvènè Cuomo te anonse tou 1.4 milyon dola nan nouvo finansman pou Council for Airport Opportunity (CAO), ki ap travay ansanm ak Elmcors Youth and Adult Activities ak Neighborhood Housing Services (NHS), pou konstwi yon nouvo biwo nan East Elmhurst/Corona tou pre Ayewopò LaGuardia, ki pral konsantre sou abitan lokal yo pou benefisye de redevlopman ayewopò a. Council for Airport Opportunity a se yon òganizasyon san bi likratif ki ap bay sèvis rekritman ak plasman travay ki an rapò ak

ayewopò a yo pou abitan Queens yo, ki gen ladan sila yo ki se minorite epi ki dezavantaje.

Pasrèl Otowout Vyadik

Ak prèske 18,000 veyikil ki ap vwayaje pou ale LGA chak jou, yo prevwa ke vyadik nan Exit 7 ki nan direksyon lès Grand Central Parkway lan pral jere inisyalman 20 pousan nan sikilasyon total ki ap antre nan ayewopò a. Antre sa a se youn nan kat pwèn aksè yo ki nan LaGuardia, ak lòt yo ki se Exit 7 nan direksyon lwès Grand Central Parkway, 94th Street nan direksyon nò pou sikilasyon lokal, ak Marine Terminal Drive ki soti nan 82nd Street, ki pou veyikil lokal yo tou.

Nouvo vyadik lan elabore pou bay yon wout ki pi dirèk pou veyikil yo ki ap vwayaje pou ale nan bò lès ayewopò a, kote pòtay ak operasyon Delta yo sitiye. Anvan sa, veyikil sa yo te gen pou sikile nan yon wout labirent epi fè yon detou 360 degre, pandan ke y'ap kontre ak divès limyè sikilasyon yo ki sou wout lan. Veyikil ki pral nan Tèminal B a yo pral benefisye tou lè y'ap gen yon koneksyon dirèk nan nivo arivaj yo, ki separe de sikilasyon lòt tèminal yo.

Modènizasyon jeneral Ayewopò LaGuardia a pou 8 milya dola a - ki gen ladan vyadik lan - kontinye rive atenn etap fondamantal kle yo. An Fevriye, nouvo garaj Tèminal B a te ouvri, ak yon nivo ki dedike pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo pou ka ogmante konfòtabilite kliyan yo. Premye pòtay lan nan nouvo Tèminal B a pral ouvri pi devan nan ane sa, epi nouvo Tèminal C Delta a ap montre pwogrè rapid apre yo te fin inogire tèren sèlman yon ane de sa. Nouvo Tèminal B a, ki pral ranplase Tèminal B demode aktyèl ki gen 54 ane a, li repòte pou achèyman an 2021. Nouvel Sal Rasanbleman pou Arivaj Ak Depa Delta yo pral ouvri tou an 2021.

Vennsis nouvo pon/vyadik ki planifye yo pral ranplase 15 pon aktyèl epi elimine yon nivo konsiderab nesite pou siyal sikilasyon nan ayewopò a. Anvan kòmansman pwogram modènizasyon an, te genyen 19 siyal sikilasyon pou chofè yo ka sikile nan Tèminal B, C ak D. Apre achèyman pwojè modènizasyon an, yo prevwa ke sèlman twa nan 19 siyal sikilasyon sa yo ap rete. Laplipa kwazman nan ayewopò a yo pral elimine yo lè y'ap eleve sikilasyon sou pon yo, ki ka pafwa twa nivo pi wo.

Skanska, ki se yon gwoup konstwiksyon sivil, ap konstwi nouvo sistèm otowout/pon an. Divizyon sa nan Skanska gen katye jeneral li ki gen plis pase 7,000 travayè ki gen kolye blan ak ble yo ki baze nan anviwon East Elmhurst, Queens.

Otorite Pòtyè yo (Port Authority) te alwe 625 milyon dola pou konstwiksyon nouvo otowout/pon an nan kad pwojè modènizasyon jeneral Ayewopò LaGuardia ki koute 8 milya dola a. Sa gen ladan travay LaGuardia Gateway Partners yo nan mwatye lwès nan ayewopò a ak rekonstwiksyon Delta ap fè pou tout mwatye lès ayewopò a pou ranplase Tèminal C ak D aktyèl yo.

Esansyèlman kreyasyon yon nouvo ayewopò sou yon ayewopò aktyèl pandan ke n'ap minimize enkonvenyan pou kliyan yo sa mande planifikasyon entans ak miz an faz pwojè yo. Nan objektif sa, yo te kòmanse ak etap fondamantal otowout ak pon, ak pakin ak tèminal yo, epi yo pral kontinye fèt sou divès pwòchèn ane yo.

Apa de investisman pou tèminal ak otowout ak pon yo, Otorite Pòtyè yo te angaje 1.5 milya dola nan plan kapital aktyèl sou 10 ane li an pou yon AirTrain LaGuardia pou ka relye ayewopò a pa wout ray nan Willets Point ak Long Island Rail Road ak liy metwo 7 MTA a. Tren ayeryen an pral bay yon vwayaj ki fyab pou ale nan LaGuardia soti nan Midtown Manhattan nan mwens ke 30 minit. Yo pwograme pou kòmanse byento ak yon evalyasyon enpak anviwònmantral pwojè a.

Ayewopò LaGuardia a te jere 29.5 milyon pasaje an 2017, ak kwasans pasaje konsiderab ke yo prevwa nan dekad ki gen pou vini yo. Mwa Mas, Avril ak Me yo chak te gen pi gwo volim pasaje pa mwa nan istwa ayewopò a, malgre konstwiksyon ki ap kontinye yo.

Council for Airport Opportunity

Gouvènè Cuomo te anonse 1.4 milyon dola nan nouvo finansman patenarya pou Council for Airport Opportunity a, ki ap travay ansanm ak Elmcors Youth and Adult Activities ak Neighborhood Housing Services, pou bay sèvis nou pral site la yo bay abitan lokal yo:

- Asistans plasman pou travay ak opòtinite anplwa nan ayewopò yo
- Devlopman travay, fòmasyon pou konpetans, ak pwogram preparasyon yo
- Oryantasyon pou karyè, preparasyon pou antrevi, ak oryantasyon pou reyisit nan travay

Otorite Pòtyè New York ak New Jersey yo (Port Authority of New York ak New Jersey) pral investi dirèkteman 1.2 milyon dola nan ekspansyon efò òganizasyonèl ki baze nan kominote a yo pou bay fòmasyon konpetans pou travay yo, preparasyon antrevi, ak opòtinite anplwa yo pou abitan lokal yo. Liy ayeryèn ki ap desèvi LaGuardia yo pral kontribiye tou nan ekspansyon an atravè yon kontribisyon 200,000 dola ki soti nan CAO. Yo te apwouve ekspansyon an semèn pase a nan reyinyon konsèy regilye CAO a.

Elmcors Youth and Adult Activities ak Neighborhood Housing Services, ki se de òganizasyon ki gen lyen ki la depi lontan nan kominote ki a kote ak alantou ayewopò a yo, pral fè patenarya ak CAO pou idantifye epi refere moun lokal ki ap chèche travay yo pou yo fè pati de ayewopò a. Yo pral ofri yon biwo satelit nan espas aktyèl Elmcors lan ki nan 107-20 Northern Boulevard kote kat anplwaye ki dedike pral pèfòme sansibilizasyon nan kominote lokal yo, bay devlopman travay ki ranfòse ak pwogram fòmasyon yo, fè referans pou moun ki kalifye ki ap chèche travay yo bay liy ayeryèn yo ak tout seri patwon ayewopò yo, epi jere inisyativ pwogram yo pou rive jwenn reyisit nan anbochaj inisyal nan plasman travay.

Ekspansyon CAO a fè pati modènizasyon LaGuardia ke Gouvènè Cuomo ap fè epi ki koute 8 milya dola, epi li gen entansyon maksimize aksè a opòtinite travay yo pou abitan lokal yo, alafwa pandan ak apre redevlopman an. Yon fwa ke nouvo biwo satelit lan fin ouvri pi devan nan sezon otòn sa, abitan lokal yo pral gen aksè ki entansifye anpil nan seri sèvis plasman travay ak preparasyon travay CAO yo senk jou pa semèn nan kominote lokal la. Aktyèlman, abitan katye sa yo ka sèlman aksede a sèvis CAO yo nan ayewopò a yon fwa pa semèn oswa nan CAO's Jamaica, Queens Career Center.

CAO ap rekrite kandida pou anplwa nan ayewopò a epi bay yo oryantasyon pou preparasyon travay, oryantasyon pou karyè ak enstwiksyon nan konpetans pou antrevi yo ak teknik rechèch travay yo. Elmcors ak NHS pral ajoute konesans an pwofondè yo gen de kominote a pou asire ke nouvo biwo CAO a ap rive jwenn tout abitan lokal yo ki ap chèche benefisye de opòtinite ekonomik yo ki nan LGA.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, LaGuardia pral vin premye ayewopò ki konplètman nèf ke yo te konstwi nan Etazini depi plis pase 20 ane. Nouvo LaGuardia a pral bay New York etablisman klas mondyal ke kliyan yo nòmalman espere. Yon apti ki enpòtan anpil nan efò konplike sa se asire aksè ak trafik sikilasyon ki ogmante nan ayewopò a apati yon rezo otowout ki konplètman rekonstwi, epi ouvèti vyadik sa se yon etap majè pou rive atenn objektif sa”.

Manm Kongrè a Joe Crowley (D-Queens, the Bronx), ki se Prezidan Chanm Kokis Demokratik lan, te deklare, “Pwogram redvlopman Ayewopò LaGuardia a se yon pwojè enfrastrikti ki krisyal epi anbisyè ki pral grandman benefisye a Queens ak tout New York. Ekspansyon Council for Airport Opportunity a ak anons jodi a de nouvo opsyon transpò yo pou fasilite vwayaj vwayajè yo sa make ankò yon lòt pa annavan pwometè pou pwogram nan. Nouvo vyadik sa pral ofri vwayajè yo yon wout ki pi dirèk pou ale nan LaGuardia, ki pral redwi anbouteyaj sikilasyon alantou ayewopò a, yon priyorite prensipal pou abitan Queens yo tankou mwen menm. Ekspansyon CAO a pral kreye nouvo bon jan kalite travay isit la nan Queens, ki pral asire ke redevlopman LaGuardia a kontinye elve fanmi yo ki ap viv nan kominote nou yo. Anons jodi a demontre poukisa moun New York yo kontan konsa pou avantaj ke yon nouvo LaGuardia ki amelyore pral pote pou vil nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li sou pwojè krisyal sa a”.

Manm Konsèy Vil New York lan Francisco Moya te deklare, “Gran ouvèti nouvo ranp nan Ayewopò LaGuardia a make yon moman desizif nan modènizasyon etablisman sa epi mete li nan estanda ke yo espere nan Vil New York yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt defans li pou fè LaGuardia vin yon kote ke nou ka fyè de li. Mwen bat bravo tou pou CAO ak Otorite Pòtyè yo poutèt yo fè patenarya ak de gwoup kominotè ki fantastik nan Elmcors ak NHS ak efò yo ap fè yo pou agrandi opòtinite travay yo epi priyore lokal ki alantou ayewopò a. Depi nan lansman li, Ayewopò LaGuardia te afekte dirèkteman byennèt vwazen li yo ki nan East Elmhurst ak Corona; investisman sa se yon rekonesans pou montre ke nou tout ka devlope ansanm”.

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building and Construction Trades Council of Greater New York), te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap konstwi pi gwo epi pi byen toupatou atravè eta a. Ak vizyon batiman li an ak angajman li te pran anvè sendika travay yo nan chak pa sou wout lan, Gouvènè Cuomo ap bay yon egzanp de jan li fèt pou rès peyi a swiv, epi pa gen pi bon prèv de angajman Gouvènè a pran pou rekonstwi enfrastrikti nou yo pase pwojè ki pral konstwi yon nouvo LaGuardia a, epi sa se dènye etap fondamantal nan pwojè transfòmatif sa. Fanm ak gason ki nan NYC Building Trades yo fyè pou yo ap travay sou pwojè klas mondyal sa a, epi nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Cuomo”.

Stewart Steeves, ki se Ofisye Egzekitif An Chèf nan LaGuardia Gateway Partners, antite prive ki ap jere epi rekonstwi Tèminal B a, te deklare, “LaGuardia Gateway Partners fyè pou li selebre ouvèti nouvo vyadik lan, ki te elabore pou ede fasilite sikilasyon - se ankò yon lòt etap fondamantal ki akonpli pou rive atenn redevlopman Ayewopò LaGuardia. Nou ap travay san fatige pou konstwi nouvo Tèminal B klas mondyal ke yo reyamenaje epi nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè Cuomo ak patenarya ak Otorite Pòtyè yo pandan ke n’ap travay pou reyalize vizyon Gouvènè a genyen pou gen yon Ayewopò LaGuardia ki inifye”.

Paul Hewins, ki se Prezidan Skanska USA Building epi Patnè Direksyon nan Skanska Walsh Joint Venture, te deklare, “Ouvèti jodi a make yon lòt etap fondamantal enpòtan nan vizyon Gouvènè Cuomo genyen an pou rekonstwi LaGuardia an yon ayewopò 21èm syèk atravè pi gwo patenarya piblik-prive nan endistri avyasyon Amerikèn nan. Vwayajè yo pral benefisye de yon wout dirèk pou ale nan Tèminal C ak D, epi kominote ki alantou a pral wè avantaj tou tankou investisman prèske 2 milyon dola Skanska Walsh ki gen pou vini an nan etablisman pou Elmjack Little League yo ki ap sèvi katye Astoria, Elmhurst ak Jackson Heights”.

Henry Kuykendall, ki se Vis Prezidan Prensipal Delta - Operasyon Ayewopò Nòdès yo, te deklare, “Yon ane de inogirasyon tèren nan kay tou nèf Delta nan Queens lan, nou onore pou nou la ansanm ak Gouvènè Cuomo pou ouvri ranp vyadik sa, youn pami pakèt etap fondamantal ki gen pou vini. Ouvèti jodi a sa vle di aksè ki pi rapid pou ale epi soti nan LGA pou kliyan Delta yo pandan ke n’ap rete tann fen ane 2019 lan kote n’ap gen premye tèren tou nèf nou an ki ouvri pou vòl avyon yo. Nou remèsye Gouvènè a, kliyan nou yo ak anplwaye nou yo poutèt sipò pèmanan yo”.

Direktè Egzekitif Council for Airport Opportunity New York ak New Jersey a Andrew Campbell te deklare, “CAO kontan anpil pou opòtinite pou elaji sèvis yo dirèkteman nan kominote ki alantou Ayewopò LaGuardia. Nan fè patenarya ak Elmcors ak NHS, ak eksperyans pwogram konplèman yo an, nou pral jenere pi gwo aksè epi ki pi fasil nan karyè ayewopò yo pou abitan lokal yo. Nou felisite Gouvènè Cuomo, Otorite Pòtyè yo ak otorite ki eli onivo lokal yo poutèt prevwayans yo nan rekonèt bezwen kominote a epi poutèt yo sipòte inisyativ sa, sa ki asire ke gen opòtinite pou abitan yo ka sekirize travay yo epi pataje nan kwasans ekonomik rejyon an”.

Direktris Egzekitif Elmcors lan Saeeda Dunston te deklare, “Elmcors valorize patenarya ke nou te devlope pandan plis pase 53 ane nan kominote Queens yo, pou bay bon jan kalite sèvis ak opòtinite pou sila yo nou ap desèvi yo. Patenarya ranfòse sa ak CAO ak NHS, ki finanse pa Otorite Pòtyè New York ak New Jersey yo li reyèlman mache nan liy misyon nou genyen an pou ankouraje chanjman nan lavi ki pozitif yo pou moun ak fanmi yo atravè devlopman konpetans yo ki ap mennen nan otosifisans. Devlopman ekonomik te yon konpozan ki enpòtan anpil nan travay nou ap fè nan kominote lokal lan pandan ane ki ap pase yo, epi nou kontan anpil pou nou kontinye ak travay sa ak CAO ak NHS. Ak sipò Gouvènè Cuomo, otorite ki eli onivo lokal yo ak Otorite Pòtyè yo, sa pral pèmèt abitan nou yo ki nan Queens ka patisipe nan opòtinite anplwa yo nan Ayewopò LaGuardia, ki isit la nan pwòp lakou nou”.

Direktris Egzekitif Neighborhood Housing Services lan Yoselin Genao-Estrella te deklare, “Neighborhood Housing Services nan Queens kontan anpil pou li fè patenarya

ak kòlèg nou yo ki nan Council for Airport Opportunity a ak Elmcor. Nou ap akeyi opòtinite pou kontinye sèvi kòm yon pon ant opòtinite ekonomik lokal yo ak abitan Queens yo. Yon pwogram anbochaj lokal pral yon eleman ki ap chanje jwèt lan pou mendèv lokal nou an epi nou aplodi Gouvènè Cuomo ak Otorite Pòtyè yo poutèt apwòch ak investisman pyonye yo nan abitan Queens yo. Nou kontan anpil pou nou kontinye ajoute sou vizyon pataje nou genyen an pou bay aksè a opòtinite travay yo, devlopman travay ak pwogram fòmasyon yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)